



Pou Piblikasyon Imedya: 09/29/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$6 MILYON NAN FINANSMAN POU 43NORTH

\$2.5 Milyon nan fon adisyonèl te atribye a kat lòt konpayi nan Lwès New York

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke 43North, pigwo konpetisyon lide biznis nan mond lan, ap resevwa \$6 milyon pou kontinye operasyon l jiska 2016. Inisyativ 43North la fèt pou atire talan antrepriz nan Lwès New York epi demontre atou Buffalo ka ofri a startups pwometè yo.

“43North itilize yon apwòch pwouve ke aspiran patnè antreprenè yo avèk resous rejyon an pou atire epi agrandi biznis yo nan Lwès New York,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Avèk finansman adisyonèl sa a, nou pral kontinye atire lespri inovè yo ak antrepriz pwometè start-up yo nan Buffalo ki pral kreye opòtinite ekonomik reyèl epi fè rejyon an ale delavan .”

Konsèy administrasyon New York Power Authority te apwouve prim 43North nan reyinyon yo a. Finansman an se te youn nan plizyè prim konsèy administrasyon an te apwouve apre rekòmandasyon ki te fèt pa Konsèy Alokasyon Western New York Power Proceeds. Prim sa yo te posib apati revni nèt ki soti nan lavant elektrisite ki pa itilize nan izin NYPA Niagara ak stem ki soti nan lejislasyon ki te siyen an lwa pa Gouvènè Cuomo nan 2012.

43North pral ofri jiska \$5 milyon an prim nan 2016. Pwogram lan gen ladan sansibilizasyon global atravè medya sosyal, yon toune ekspozisyon an pèsòn, ak itilize medya tradisyonèl pou ankouraje konpetisyon 43North la ak envestisman biznis yo nan rejyon Buffalo-Niagara.

“Lè nou mete fon 2016 yo akote depi kounye a, nap asire ke 43North anmezi pou kenbe elan pozitif ke li te kreye pandan dezan ki sot pase yo lè konpetisyon an te demare nan mwa kap vini yo,” **te deklare John R. Koelmel, Prezidan NYPA.** “Yon senaryo san pwoblèm ak siksè kontinyèl enpòtan pou rejyon Buffalo-Niagara e 43North ap ede dirije wout la.”

“Finansman adisyonèl sa ap ede asire ke 43North ap kontinye atire alafwa pi bon kalite konpetitè ak edike gayan yo kap pote pi bon lide biznis yo nan Lwès New York,” **te**

deklare Prezidan, PDG ak Komisyonè Empire State Development Howard Zemsky.
“Gayan kap antre yo ap ajoute nan dinamis antreprenarya kap grandi nan rejyon an pandan lap travay pou jenere nouvo biznis ak finalman kreye travay.”

Administrasyon NYPA te apwouve tou kat prim pwodui Lwès New York jodia pou Tulip Molded Plastics of Niagara Falls, Martin House Restoration Corp. of Buffalo, D’Youville College nan Buffalo, ak Amos Zittel & Sons of Eden.

Tulip Molded Plastics, yon fabrikan bwatye an plastik ap resevwa \$1 milyon pou relokalizasyon epi enstale ekipman ki egziste deja yo nan nouvo bilding 70,000-pye kare, li lwe akote etablisman aktyèl li a nan Niagara Falls. Pwojè \$10.3 milyon an ap sipòte 21 dijòb, enkli 10 nouvo pozisyon.

The Martin House Restoration Corp. ap resevwa \$700,000 pou konplete faz restorasyon final la nan konplèks kay Darwin Martin, ki te sibi anpil domaj apre ke kay la te rete vid nan 1937. Kay la, yon referans istorik nasyonal se yon ekselan egzanp de achitekti Frank Lloyd Wright e li pral yon atraksyon touris yon fwa ke li fini epi retounen nan kondisyon orijinal li nan 1907.

D’Youville College ap resevwa \$400,000 pou konvèti bilding vid Gateway-Longview nan Buffalo an yon lekòl art, syans ak edikasyon modèn. Konplèks la ap loje 19 laboratwa ak nèf salklas modèn. Pwojè a sipòte inisyativ Start-Up NY Gouvènè Cuomo ak Kòridò Dirab Niagara Street ansanm avèk Pwojè Entegrasyon Kominotè.

Amos Zittel & Sons ap resevwa \$380,000 pou rebati de kawo greenhouses ki te detwi pa yon gwo tanpèt nan novanm 2014. Espas greenhouse amelyore a ap pèmèt konpayi an etann sezon kwasans kilti li pou rekòlt flè ki fini ak rasin legim yo. Plan yo gen ladan karakteristik ki pral pèmèt konpayi an fè tranzisyon nan kilti rekòlt legim òganik nan greenhouse la.

“Antrepriz sa yo ap pote yon kontribisyon inoubliyab nan vitalite ekonomik, kiltirèl ak edikasyonèl rejyon an,” **te deklare Prezidan ak PDG NYPA Gil C. Quiniones.** “Pwodui prim yo se yon temwayaj pwisan de sa.”

Pou w kalifye pou Prim konsèy Alokasyon Western New York Power Proceeds, konpayi yo dwe lokalize nan yon distans 30-kilomèt de izin elektrik NYPA Niagara e pwojè yo dwe sipòte kwasans biznis epi mennen nan kreyasyon oswa pwoteksyon travay. Konsèy alokasyon an ap konsidere tou nan ki pwen yon prim ta dwe konsistan avèk strateji ak priyorite konsèy devlopman ekonomik rejyonal zòn nan.

Kontra avèk benefisyè yo ap enkli pwovizyon pou verifikasyon peryodik pou asire ke yo itilize fon yo sou objektif ke yo de dakò a.

Enkli dènye prim yo, 33 konpayi te resevwa preske \$30 milyon nan finansman depi 2013. Jiska nan fen septanm, NYPA te bay plis pase \$41 milyon nan fon lavant yo.

Enfòmasyon sou 43North

43North bay \$5 milyon nan pri lajan kach chak ane a kèk nan antreprenè ki pi bon ak pi briyan ansanm avèk startups yo ki soti toupatou pou nan mond lan.

Nou te rantre sou sèn lan nan 2014 e kounye a premye klas 11 ekip gayan yo ap rethouse manch yo epi rantre nan travay nouvo enkibatè nou yo nan Buffalo, NY. Kontinye tcheke sou sit la, nan [Facebook](#) ak [Twitter](#) pou gade kijan yap fè rèv yo tounen an realite. Anplis de yon mòso nan tat \$5 milyon an, gayan yo te resevwa espas enkibatè, opòtinite ankadreman konsèy ak soulajman nan taks.

43North fè pati nan inisyativ Buffalo Billion, kap kondwi nouvo opòtinite ekonomik toupatou nan Buffalo ak Lwès New York. Konpetisyon an fonksyone grasa sipò New York Power Authority ak inisyativ Buffalo Billion.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418